



Adilt San Andikap Fizik Ki Pa Gen Moun sou Kont li
(Able Bodied Adult Without Dependents, ABAWD)
Deklarasyon Medikal
(Haitian Creole)

Enfòmasyon sou Kliyan/Pasyan

Non Kliyan/Pasyan an: _____

Adrès: _____

Nimewo Dosye: _____ CIN: _____ DAT NESANS: _____

Otorizasyon Kliyan/Pasyan an

Mwen otorize pou yo divilge enfòmasyon medikal ak/oswa dokiman patisipasyon mwen nan yon pwogram reyabilitasyon pou konsomasyon sibstans toksik bay Depatman Sèvis Sosyal yo, jan yo mande sa a. Mwen konprann enfòmasyon sa a se yon enfòmasyon yo pral trete nan yon kad konfidansyèl.

Siyati Kliyan an

Dat

Pwofesyonèl Swen Sante:

Moun non l site pi wo a mande verifikasyon sou eta sante li oswa patisipasyon li nan pwogram nan. Tanpri ranpli fòm sa a epi retounen li bay moun nan, ak siyati epi ranpli nèt. Li te resevwa eksplikasyon sou kijan pou li retounen fòm lan bay Depatman Sèvis Sosyal la.

Tanpri reponn nenpòt nan kesyon aplikab ki pi ba yo. Tanpri siyen ak mete dat siyati an nan fòm sa a. Mete pwofesyon ou oswa pozisyon ou nan òganizasyon w lan. *

- 1) Èske moun sa ansent? ☐ Wi ☐ Non ☐ Pa konnen ☐ Pa aplikab

Si wi, bay dat limit la: _____ / _____ / _____

- 2) Èske moun sa a ap patisipe nan yon pwogram tretman, reyabilitasyon, oswa konsèy pou konsomasyon sibstans toksik? ☐ Wi ☐ Non

Si wi, ki dat pwogram nan espere fini: _____ / _____ / _____

- 3) Èske moun sa a gen yon pwoblèm sante mantal ak/oswa fizik tanporè oswa pèmanan, ki limite kapasite li pou li travay 20 èdtan oswa plis chak semèn (80 èdtan chak mwa)?
☐ Wi ☐ Non

Si wi, tanpri fè nou konnen soti kilè rive kilè moun nan p ap kapab travay pandan 20 èdtan oswa plis pa semèn (80 èdtan pa mwa) poutèt kondisyon sa a:

☐ mwens pase 30 jou

☐ 1 a 3 mwa

☐ 4 a 6 mwa

☐ 6 a 12 mwa

☐ plis pase 12 mwa/oswa pou yon tan ki pa defini

(Vire paj la)

Adilt San Andikap Fizik Ki Pa Gen Moun sou Kont li
(Able Bodied Adult Without Dependents, ABAWD)
Deklarasyon Medikal (*suit*)

Mwen sètifye enfòmasyon ki disponib nan paj anvan an se laverite epi li egzak.

Non (tanpri ekri l ak lèt detache)

Pozisyon/Pwofesyon *

Adrès

Nimewo Telefòn

Siyati

_____/_____/_____
Dat yo siyen fòm nan

- ★ Nenpòt nan moun sa yo kapab siyen fòm sa a: doktè, asistan doktè, enfimyè pratikan, osteyopat, sikològ ki gen lisans oswa ki sètifye, konseye pou konsomasyon sibstans toksik, konseye sante mantal ki sètifye, travayè sosyal klinik endepandan ki gen lisans, travayè sosyal sètifye ki gen lisans, ak fanmsaj ki sètifye. Pou verifye patisipasyon yon moun nan yon pwogram reyabilitasyon oswa konsèy (Kesyon #2), direktè pwogram nan oswa konseye moun nan kapab siyen deklarasyon sa a tou.

Pwofesyonèl Swen Sante:

Ou kapab ede granmoun ki gen andikap oswa pwoblèm sante yo konsève avantaj Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) yo.

Avantaj SNAP (pwogram ki te rele "food stamps" anvan an) pèmèt moun ki gen ti revni achte manje yo bezwen. Anpil moun ki benefisye SNAP ki nan laj 18 a 64 lane ki p ap viv ak yon timoun ki poko gen 14 lane nan fwaye k ap benefisye SNAP la riske pèdi avantaj SNAP yo poutèt yon règ SNAP ki pote yon lòt non ki se limit tan pou Adilt San Andikap Fizik Ki Pa Gen Moun sou Kont yo (Able-Bodied Adult Without Dependents, ABAWD). Règ sa a limite kalifikasyon yon moun pou l benefisye SNAP a yon peryòd twa mwa sof si moun nan ap travay oswa ap patisipe nan sèten aktivite travay pandan omwen 20 èdtan pa semèn.

Avèk sèl kèk minit nan tan ou, li fasil pou w ofri èd ou.

Yon moun ki pa ka travay pandan 20 èdtan oswa plis pa semèn poutèt yon pwoblèm sante fizik oswa mantal se yon moun yo p ap konsidere antanke yon ABAWD.

Kesyon Moun Poze Souvan:

Kijan yo defini yon moun ki "pa anfòm pou li travay" fizikman oswa mantalman dapre règ ABAWD la?

Lè yo jije yon moun pa anfòm fizikman oswa mantalman pou li travay, se yon egzanpsyon ki ale pi lwen pase lè yo jije yon moun andikape. Yo konsidere yon moun pa anfòm pou li travay fizikman oswa mantalman si li gen yon maladi, yon domaj, oswa yon lòt limitasyon mantal oswa fizik, kit se tanporè oswa pèmanan, ki pa pèmèt li travay pandan omwen 20 èdtan pa semèn jan règleman federal sou limit tan ABAWD yo egzije sa a. Gen kèk pasyan ki gen pwoblèm sante mantal oswa fizik ki bon jan anpeche yo travay; gen lòt ki gen pwoblèm sante ki pèmèt yo travay men yo ka pa kapab travay aplentan, oswa pandan menm 20 èdtan pa semèn. Estanda sa a vreman mwen estrik pase estanda Sekirite Sosyal pou andikap la epi li pa egzije yon dyagnostik espesifik.

Kòman mwen kapab verifye si pasyan mwen an "pa anfòm pou l travay fizikman oswa mantalman" dapre kondisyon li?

Ranpli Fòm a de bò Deklarasyon Medikal ABAWD la Mete lè kondisyon an kòmanse jous pou jodi a ansanm ak siyati w. **Plizyè pwofesyonèl swen sante kapab siyen fòm sa a** tankou yon doktè, asistan doktè, enfimyè pratikan, osteyopat, sikològ ki gen lisans oswa ki sètifye, konseye pou konsomasyon sibstans toksik, konseye sante mantal ki sètifye, travayè sosyal klinik endepandan ki gen lisans, travayè sosyal sètifye ki gen lisans, ak fanmsaj ki sètifye. Pou verifye patisipasyon yon moun nan yon pwogram reyabilitasyon oswa konsèy (**Kesyon #2**), direktè pwogram nan oswa konseye moun nan kapab siyen deklarasyon sa a tou.